**Ассаламу гIалайкум!**

# ЦIумадисезул гьаракь

(Голос Цумады)

2024 соналъул 2 август Рузман №35 (7849) Газета бахъизе байбихьана 1937 соналъул 1 декабралда Багьа 8 гъурущ 12 +

ЦIУМАДА РАЙОНАЛЪУЛ ГАЗЕТА - ЦУМАДИНСКАЯ РАЙОННАЯ ГАЗЕТА

## Жакъа 25 сон тIубала августалъул лъугьа-бахъиназ



1999 соналъул 2 августалда Кванхисан Гъигъалъе рачIине байбихьана законияб гурел яргъид гIуцIаразул къокъаялъ. Цебеккунго гьигъалъдерил жамагIаталъ росулъан нух къезе гьечIин лъазабун букIаниги, гьезул кIудияб къокъа 2 августалда къалъудаса хадуб гьигъалъдерил магIарде бакана.

Гьениб тушманасул гъужум чIезабизе хIукму ккана Дагъистаналъул ОМОНалъул хIалтIухъабазул къокъаялъул бетIералда милициялъул капитан Закир Султановгун. Гьезие цадахъ кумекалъе рачIун рукIана гьигъалъдерил ополченцалги. Лъабго сагIаталъ халат бахъараб рагъ ккана Закир Султановасе ахирисеблъун.

Хасаб рагъулаб тIадкъай тIубалаго бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ ва жиндаго барахщунгутIиялъухъ Закир Султановасе (хун хадуб) кьуна Орден Мужества.

Ками ккана, амма хъачагъазда кIвечIо Гьигъалъе нух бахъизе.

**Сураталда:** Гьигъалъ магIарде унеб нухда Закир Султановасе бараб обелиск.

## Конституциялъул къо кIодо гьабуна

25 июлалда райадминистрациялда тIобитIана Дагъистаналъул Конституциялъул къоялда хурхараб данделъи. Гьенир гIахьаллъана райадминистрациялъул, учреждениябазулгун организациябазул жавабиял хIалтIухъаби.



Конституциялъул къо баркун данделъи рагьана районалъул бетIер Шамил ГIумаровас.

Дагъистаналъул Конституциялъул тарихалъул бицун кIалъай гьабуна райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев Тимур Ибрагьимовас.

Конституциялъул къо баркун кIалъазе вахьана хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи, Суворовасул орденалдалъун кIодо гьавурав Цумада-гIурухъа ХIажимухIамад МухIамадов.

Данделъиялъул ахиралда Шамил ГIумаровас ва МВДялъул районалда бугеб миграциялъулаб отделалъул начальник Заур МухIамаднабиевас 14 сон барал гIолилазе кьуна Россиялъул гражданинасул паспортал.

Нилъерал рехун толаро

## Рагъда вугев инсул шапакъатал васазухъе кьуна

Араб арбагI къоялъ райадминистрациялда тIобитIана рохалилаб данделъи. Гьенив районалъул бетIер Шамил ГIумаровас къабул гьавуна Пачалихъияб Думаялъул депутат Ризван Къурбановасул тIадкъаялда рекъон вачIарав гьесул кумекчи Рауф Аххубеков.

Рохалилаб ахIвал-хIалалда Шамил ГIумаровас ва Рауф Аххубековас МухIамадкамилил хъизан ПатIиматихъе, гьесул кIиявго васасухъе ва инсухъе кьуна Дагъистаналъул халкъияв бахIарчиясул меседил цIва ва Пачалихъияб Думаялъул депутатасул



Баркалаялъул кагъат.

Гьев вачIун вукIана хасаб рагъулаб операциялъул гIахьалчи Гьигъалъа МухIамадкамил КъурамухIамадовасе щварал шапакъатал хъизан-лъималазухъе щвезаризе.

ГIемер миллаталъулаб Дагъистаналъул халкъалда цебе гьабураб хъулухъалъухъ МухIамадкамил кIодо гьавун вуго «Дагъистаналъул халкъияв бахIарчи абураб» цIаралдалъун. Гьединго рагъулаб операция тIобитIулеб заманалда бихьизабураб бихьинчилъиялъухъ ва къуркьунгутIиялъухъ, ВатIаналъе ритIухълъиялъухъ ва хIинкъикъай гьечIолъиялъухъ МухIамадкамилие щун буго Пачалихъияб Думаялъул депутат Ризван Къурбановасул Баркалаялъул кагъатги.

ДандчIваялъул байбихьуда Гьигъалъ росдал вакил МухIамад Мажидовас бицана МухIамадкамилил рагъулаб нухалъул хIакъалъулъ. Рагъда бихьизабураб бахIарчилъиялъухъ МухIамадкамил кIодо гьавун вуго батIи-батIиял шапакъатаздалъун. Гьесие щун буго медаль «За отвагу», Знак отличия ордена Святого Георгия-Георгиевкий крест IV степени, Орден Мужества, медаль «За храбрость».

Рагъулаб хъулухъ тIубазе МухIамадкамил ана къотIиги хъван хасаб рагъулаб операция байбихьилелдего. Гьениб гьесие кьуна лейтенантасул чин, гьев ккола разведротаялъул командир, гьабсагIат вуго Харьковалъул рахъалда рагъул цебесеб кьерда.

-Нилъ чIухIарал руго рагъулаб операциялда гIахьалъулел районцояздаса. Районалъул рагъулаб комиссариаталдасаги, Россиялъул батIи-батIиял регионаздасаги арал гIемер гIолохъаби руго нилъер хасаб рагъулаб операциялда. Гьал къояз райадминистрациялда данчIвай букIана Суворовасул орден щварав хасаб рагъулав операциялъул гIахьалчи Цумада-гIурухъа ХIажимухIамад МухIамадовгунги. ЧIухIизе бачIула нилъер гIолохъабазул бахIарчиял ишаздаса ва къвакIияздаса. Жакъа дун цIакъго чIухIарав ва вохарав вуго бахIарчияв инсул шапакъатал гьесул кIиявго васасухъе кьезе рес щвеялдаса,-ян абуна Шамил ГIумаровас шапакъат кьолаго кIиявго васасул кверги бачун гьезие гIарцулал сайгъаталги гьарун.

Данделъиялъул ахиралда депутатасул кумекчи Рауф Аххубековас Пачалихъияб Думаялъул депутат Ризван Къурбановасул рахъалдаса баркала загьир гьабуна Шамил ГIумаровасе депутатасул тIадкъай тIубазе жив къабул гьавуралъухъ.

Данделъиялда гIахьаллъана районалъул депутатазул Собраниялъул председатель МухIамад НурмухIамадов, районалъул рагъулав комиссариаталъул отделалъул начальник Шагьрурамазан Махаев ва райадминистрациялъул хIалтIухъаби.

**ГIубайдула Малачдибиров**

ГIумру ва гIадамал

# Халкъалъул цолъиялъулъ - нилъер къуват

ТIабигIатги берцинаб, гьаваги бацIцIадаб, даруяб лъим-



ги бугеб, рорхатал мугIруз ва рохьалъ жанибе бачараб, берцинаб, бицун хIал кIолареб гIажаибаб бакI буго ХъваршикIкIал. Гьелъ жанире рачула Хъварши, Хонохъ, КIванкьада, Санкьада, Инхокъвари ва Хъвайни росаби. Жакъа къоялъ гьезул гIемерисез асливяб куцалъ гIумру гьабулеб



буго Хасавюрт, Гъизилюрт ва Гъизляр мухъазда. 1957 соналъ гочинарун рукIарал чачанал тIадруссиндал, гьезул ракьалда гочинарун рукIарал гьезул цо тайпа тIадбуссана магIарухъе, цогидал гIатIиракьалде гочана гIумру гьабизе. Яшав гьабизе гьениб санагIалъи цIикIкIараб букIиналъ, дагь-дагьккун магIарухъанги байбихьана гIадамал рехе гочине.

Гьеб анлъабго росдал рехесаги магIарухъаги гIадамал данделъараб рохалилаб тадбир тIобитIана гьал къояз Хъварши росдада цебе «Цокьо» абулеб рохьил рацIцIалъиялда. Гьавабакъалъухъ балагьичIого, къоялъ щенон балеб цIадакь лъабнусгоялде гIагарун чи вакIарун вукIана гьенив.

ГIемерисезул баккизе бегьула суал сундуе гIоло данделъизе ккараб гьезул пикру абун.

Исана ихдал гьеб анлъабго росдал вакилзабаз гIуцIцIун буго жидеего ватсапалда «ХъваршикIкIал» абун къокъа. Гьеб гIуцIцIиялъул буго бакI-бакIазда рикьун ругел хъваршикIкIалалъулал цолъизаризе. Цолъиялъулъ бихьулеб буго гьезда жидерго къуват ва бажари. Гьеб цолъиялъулги буго, масала, гьез гьелдалъун тIалаб гьабулеб буго жидерго рахьдал мацI, гIадатал, культура, рукIа-рахъин, ва росабазул тарих кIочонгуртIизе, бачIунеб гIелалда гьеб лъазабизе.

Буго гьелъул цогиги мурад. Гьеб анлъабго росдада гьоркьоб буго гIагарлъи, амма жакъа къоялъги руго гьезул цоцазда лъаларел ва рихьичIел росу-ракь цоял гIадамал, хIатта гIагарлъицин. Гьеб бихьулеб букIана гьезул гьенир рукIарал дандчIваздалъун. Гьединаб хIал букIинчIого букIине, анлъабго росдал гIадамал щиб кканиги, кире рахъаниги, цоцазда рихьунги лъанги рукIине, къваригIараб къоялъ цоцазе ратизе, умумузульго букIараб гьоркьоблъиги гьуинлъиги лъималазульги цIунизе бокьи - гьеб буго данделъиялъул мурад.

ГIисинккун балеб цIадги, цIадаца чурун, тIадеги гIурччинго бихьулеб тIабигIатги. Щвана ниж накIкIил рохьоб жаниб бугеб берцинаб майданалде. Гьениб гьабун бугеб квербагъари бихьидал ракIалде кколеб букIана анкь батилин гьезул гьениб хIадурлъи гьабулебилан. ЛъалхъичIого ралел цIадалги, гьенир ккурал чадралги, чадразда гъоркь цIа бакизе бичIун цIул хIадурулел цо гIолохъабазул къокъа, чIахIиял самоварал ракун чай гьабулел цогидал гIолохъаби, цIеда пулав гьабизе лъурал бежа-белъулел хъазан-хьагалги, хьагазда нахъа гьеб хIадурулев чIахIиял тадбиразда пулав гьабиялъулги, мажгитал раялъулги цIар рагIарав Муниса Завурбегги. (Пулав хIадур гьабулеб букIараб анлъабго хъазан-хьагги рищни балел къалалги рачIун руго-ан рехесаго анлъабго росдае цо-цо). Гьеб кинабго букIана шагьаралда гIумру гьабун ругезе гIажаибго берцин. Бищун гIажаибго берцин бихьана балеб цIадакь ва накIкIукь рахъун



хьиталгун гIолохъабаз ралел жамагIат какал. Унго-унгоги гIажаибго тамашаяб халкъ буго гьаб мугIрузул магIарул халкъ.

Гьеб гIуцIцIиялъул церехъаби ккола МахIачхъалаялда гIумру гьабун вугев тохтур невролог, терапевт, медицинаалъул гIелмабазул кандидат, Дагъистаналъул мустахIикъав тохтур ГIали Абуязидов, «Дагмелиоводхоз» Управлениялъул нухмалъулев МухIамад Юсупов, Гъизляр мухъалъул депутат, Дагъистаналъул Северияб мухъалъул «БацIцIадаб ракI» фондалъул нухмалъулесул кумекчи жамгIияв хIаракатчи Шамил Жамалудинов.

Гьеб гIуцIцIиялъул кIвар бугеб суаллъун букIана нилъер лъимал телефоназги интернетазги гуккизе чIунгутIиялда хурхараб, битIараб нухде гьел ккезаризе кумек гьабизе ккеялъул. Бегьуларо нилъер бачIунеб гIелалъе интерненталъги телефоналъги тарбия кьезе тезе. Гьел цIунизе ва куцазе ккола нилъецаго, рокъор умумузги, школазда мугIалимзабазги. Гьез бахъараб цо гали мекъи ккани, нилъее гьеб захIмалъула, ва кватIун букIуна гьел нахъ руссинаризе.

Лъималазулгун дандчIваял гьаризе ккола зама-заманалда школазда, мажгитазда ва гьел гурел цоги бакIаздаги. Гьел рукIине ккола кIиябго рахъалдасан лъай бугеллъун, ай исламиябгун светскияб.

-Нилъер гьаб жакъасеб данделъиялъул мурад буго нилъер анлъабго росдал гIадамал цолъизари, бачIунеб гIелалъе тарбия кьей, гьел битIараб нухде ккезари, рахьдал мацI, культура, умумузул рукIарал гIадатал цIуни, цоцазда нилъ лъай, чIунтизе течIого магIарухъ росаби цIуни.



-Нилъ чIухIарал руго ХъварщикIкIалахъа рукIиналдаса. Нилъер вукIана цIар рагIарав гIалимчи Хъваршиса Загъалав, руго нилъер цIар рагIарал гIалимзаби КIванкьадаса эменги васги МухIамад ва АхIмад Давдулаевал ва цогидалги.



КъватIирехун лъикIал-лъикIал хъулухъаздаги хIалтIулел руго нилъер гIолохъаби. Руго жидедаса мисал босизе бегьулел нилъер цIар рагIарал гугарухъаби: Маирбек Юсупов, Ихак ХIайдарбеков, Малик ГIалидибиров. Руго гьединго машгьурал гIолохъанал гугарухъабиги: Парижалда



тIобитIулеб олимпиадаялда гугаризесев МухIамад Рамазанов, Расулов Аманула, ХIажимухIамадов Аманула, Рамазанов Рамазан, Хизриев Шамхал, Хизриев МухIамад, МахIачев Загъалав, футболист Расулил вас Султан ва гьел гурел гIемералги,-ян абуна тадбиралъул байбихьуда ГIали Абуязидовас.

ХъваршикIкIалахъ росабалъ социалияб рахъалъ гьабулеб ва гьабизесеб хIалтIул бицун кIалъай гьабуна райадминистрациялъул бетIерасул заместитель Халилула МухIамадовас.

РекIее кIудияб асар гьабулеб кIалъай букIана исламияб лъай бугел АхIмад МухIамадовасул ва Сурхай Гьазиевасул. Гьединго пайдаял кIалъаял гьаруна МухIамад Юсуповас, Шамил Жамалудиновас, Хасавюрт районалъул Первомайское росдал администрациялъул бетIер ХIасан ГIабдулаевас ва цогидазги.

Къокъабго заманалда жаниб «ХъваршикIкIал» къокъаялъ гьабун буго гIемераб хIалтIи. Хасавюрт районалъул Октябрьское росулъа гIемер лъималазул Искандеровазул хъизаналъе кумек гьабуна лъималазе минаби разе ракьал, хIалтIизабизе 1,5 гектар ракьул ва фермеразулаб машина щвезе. Байбихьун буго КIванкьада лъималазе спортивиябгун сахлъи цIуниялъул лагерь базе, Инхокъвариб даруяб «Регьа» лъел бакI цIи гьабун къачIазе, Октябрьское росулъ гьарула гIадамазе кардиологасул, урологасул ва терапевтасул консультацияби, ва цогидалги пайдаял ишал.

Тадбиралъул ахиралда «ХъваршикIкIал» къокъаялъул хIаракатчагIазе кьуна тIад цIар хъварал ХъварщикIкIалалъул сурат бугел медалал, грамотаби ва цогидалги шапакъатал.

ГIуцIцIарухъабаз кIудияб баркала кьуна балеб цIадакь тадбиралде рачIарал гьалбадерие ва ракьцозе.

**ГI. Малачдибиров,**
**Р. ГIалисултанова**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 93

**от 15 июля 2024г.**

**Об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2725**

Рассмотрев заявление гр. Халимхоевой И. С. от 15.04.2024г., протокол и заключение комиссии по проведению публичных слушаний от 15.07.2024г., и в соответствии ст. 5.1, ст. 37, ст. 39 Градостроительного кодекса РФ, Федеральным законом от 06.10.2003 г. №131 - ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Устава МО «Цумадинский район», Администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1.Изменить вид разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2725, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали, ул. Школьная д.50, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район».

3. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на и.о начальника ОЭНИ и ЗО Исламова Р. Б.

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

## ЗАКЛЮЧЕНИЕ

**О результатах публичных слушаний по обсуждению изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2725**

**15 мая 2024 г. с. Агвали**

Предмет обсуждения:

Обсуждение направленного в администрацию МР «Цумадинский район» заявления гр. Халимхоевой И. С. об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2725, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Агвали, ул. Школьная д.50, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

Выводы и предложения:

1. Процедуру проведения публичных слушаний об изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2725 считать состоявшейся.

2. Заявление Халимхоевой И. С. об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2725 получило положительную оценку.

По результатам публичных слушаний изменение вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000001:2725 рекомендуется направить в администрацию МР «Цумадинский район» для утверждения в установленном действующим законодательством порядке.

**Председатель комиссии Магомедов Х. Г.**
**Секретарь комиссии Исламов Р. Б.**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 94

**от 15 июля 2024г.**

**Об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000000:548**

Рассмотрев заявление гр. Яхьяевой П. Я. от 15.04.2024г., протокол и заключение комиссии по проведению публичных слушаний от 15.07.2024г., и в соответствии ст. 5.1, ст. 37, ст. 39 Градостроительного кодекса РФ, Федеральным законом от 06.10.2003 г. №131 - ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Устава МО «Цумадинский район», Администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1.Изменить вид разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000000:548, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Кочали, ул. Центральная, д.45/2, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район».

3. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на и.о начальника ОЭНИ и ЗО Исламова Р. Б.

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

## ЗАКЛЮЧЕНИЕ

**О результатах публичных слушаний по обсуждению изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000000:548.**

**15 мая 2024 г. с. Кочали**

Предмет обсуждения:

Обсуждение направленного в администрацию МР «Цумадинский район» заявления гр. Яхьяевой П. Я. об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000000:548, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Кочали, ул. Центральная, д.45/2, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

Выводы и предложения:

1.Процедуру проведения публичных слушаний об изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000000:548 считать состоявшейся.

2. Заявление Яхьяевой П. Я. об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000000:548 получило положительную оценку.

По результатам публичных слушаний изменение вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000000:548 рекомендуется направить в администрацию МР «Цумадинский район» для утверждения в установленном действующим законодательством порядке.

**Председатель комиссии Магомедов Х. Г.**
**Секретарь комиссии Исламов Р. Б.**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 95

**от 15 июля 2024г.**

**Об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000026:108**

Рассмотрев заявление гр. Гасанова Я. М. от 15.04.2024г., протокол и заключение комиссии по проведению публичных слушаний от 15.07.2024г., и в соответствии ст. 5.1, ст. 37, ст. 39 Градостроительного кодекса РФ, Федеральным законом от 06.10.2003 г. №131 - ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Устава МО «Цумадинский район», Администрация МР «Цумадинский район» **постановляет**:

1. Изменить вид разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000026:108, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Цумада-Урух, ул. Садовая д.13, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район».

3. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на и.о начальника ОЭНИ и ЗО Исламова Р. Б.

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

## ЗАКЛЮЧЕНИЕ

**О результатах публичных слушаний по обсуждению изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000026:108**

**15 мая 2024 г. с. Агвали**

Предмет обсуждения:

Обсуждение направленного в администрацию МР «Цумадинский район» заявления гр. Гасанова Я. М. об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000026:108, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Цумада-Урух, ул. Садовая д.13, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

Выводы и предложения:

1. Процедуру проведения публичных слушаний об изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000026:108 считать состоявшейся.

2. Заявление Гасанова Я. М. об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000026:108 получило положительную оценку.

По результатам публичных слушаний изменение вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000026:108 рекомендуется направить в администрацию МР «Цумадинский район» для утверждения в установленном действующим законодательством порядке.

**Председатель комиссии Магомедов Х. Г.**
**Секретарь комиссии Исламов Р. Б.**

## ПОСТАНОВЛЕНИЕ № 96

**от 15 июля 2024г.**

**Об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000015:427**

Рассмотрев заявление гр. Расуловой П. Д. от 15.04.2024г., протокол и заключение комиссии по проведению публичных слушаний от 15.07.2024г., и в соответствии ст. 5.1, ст. 37, ст. 39 Градостроительного кодекса РФ, Федеральным законом от 06.10.2003 г. №131 - ФЗ «Об общих принципах организации местного самоуправления в Российской Федерации», Устава МО «Цумадинский район», Администрация МР «Цумадинский район» **постановляет:**

1.Изменить вид разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000015:427, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Кочали, ул. Дачная, д.16, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

2. Опубликовать настоящее постановление в газете «Голос Цумады» и разместить на официальном сайте администрации МР «Цумадинский район».

3. Контроль за исполнением настоящего постановления возложить на и.о начальника ОЭНИ и ЗО Исламова Р. Б.

**Глава муниципального района**
**«Цумадинский район» Ш. Омаров**

## ЗАКЛЮЧЕНИЕ

**О результатах публичных слушаний по обсуждению изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000015:427.**

**15 мая 2024 г. с. Кочали**

Предмет обсуждения:

Обсуждение направленного в администрацию МР «Цумадинский район» заявления гр. Расуловой П. Д. об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000015:427, расположенного по адресу: Республика Дагестан, Цумадинский район, с. Кочали, ул. Дачная, 16, с фактического «для ведения личного подсобного хозяйства» на «для индивидуального жилищного строительства» (код 2.1).

Выводы и предложения:

1. Процедуру проведения публичных слушаний об изменения вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000015:427 считать состоявшейся.

2. Заявление Расуловой П. Д. об изменении вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000015:427 получило положительную оценку.

По результатам публичных слушаний изменение вида разрешенного использования земельного участка с кадастровым номером 05:38:000015:427 рекомендуется направить в администрацию МР «Цумадинский район» для утверждения в установленном действующим законодательством порядке.

**Председатель комиссии Магомедов Х. Г.**
**Секретарь комиссии Исламов Р. Б.**

Защита Отечества

# Военная служба по контракту

Защита Отечества, интересов государства, забота о его безопасности – одна из важнейших обязанностей гражданина. В связи с продолжающей-ся специальной военной операции на территории Украины продолжается набор граждан на военную службу в Вооруженных силах РФ по контракту

Вступить в ряды военнослужащих по контракту можно с 18 лет. Попасть в ряды военнослужащих по контракту можно подав заявление онлайн на портале Госуслуги или в военный комиссариат по месту прописки. При себе необходимо иметь паспорт и военный билет.




Контракт заключается на минимальный срок-1 год, максимальный срок - 5 лет. По истечению указанного периода, документ можно продлить.

Условия заключения контракта с Минобороны РФ:

- возраст от 18 лет;
- отсутствие ограничений по здоровью.

Перед заключением контракта солдат проходит медицинскую проверку. Первый этап - собеседование с психологом, второй этап -прохождение медицинской комиссии в военкомате.

Выплаты по контракту.

У контрактников нет единой суммы месячного жалования. Оно складывается из разных факторов.

Жалование зависит от стажа, звания и должности. Зарплаты контрактников начинаются от 204 тысяч рублей. Максимальное пособие составит 250 тыс. руб.

Глава Дагестана принял решение увеличить региональную выплату контрактникам в зоне СВО. Сумма составляет 500 тысяч рублей.

Теперь при заключении контракта жители региона будут получать 1миллион рублей единовременно: 500 тысяч от республики, 400000 тыс. руб. из федерального бюджета и 100 тыс. руб. от района.

Заключившие контракт для прохождения воинской службы, наряду с добровольцами и другими категориями военнослужащих, могут рассчитывать на разные льготы как для себя, так и для своей семьи.

**Районный военный комиссариат**

# Ветеранасул иргадулаб бергьенлъи



Гьал къоязда Марий Элалда тIобитIана мугIрузулаб рекериялъул рахъалъ ветераназда гьоркьоб Россиялъул чемпионат. Гьениб 40-44 сонил ригьалъул рекерухъабазда гьоркьов анцIго километралъул манзилалъ 43 минутгун 6 секундалъ векерун Хуштадаса АсхIабов МухIамадица ккуна тIоцебесеб бакI. Гьеб буго МухIамадил иргадулаб бергьенлъи.

Кроссовкаби магIида разе жеги цудунго бугин вуго МухIамад, гьебго рухIалда жеги векеризе пикругун.

Утерянный аттестат об основном общем образовании №00518001020364, выданный Метрадинской средней общеобразовательной школой Цумадинского района 18 июня 2016 года на имя Давудова Ахмеда Магомедовича, считать недействительным.

Теннис

# ХIабиб АхIмадов - районалъул чемпион




26 июлалда Дагъистаналъул Конституциялъул къоялъул ва августалъул лъугьа-бахъиназ 25 сон тIубаялъул хIурматалда Агъвали тIобитIана столалда хIалеб теннисалъул рахъалъ районалъул чемпионат.

ХIалуцарал хIаязул хIасилалда районалъул чемпионлъун вахъана араб соналъул Дагъистаналъул лъагIалил спортсмен, кIи-кIи цадахъ ва живго цохIо хIан СКФОялъул чемпион, Россиялъул первенствоялъул гIахьалчи, 12-16 сонил ригьалъул гIолилазда гьоркьов Дагъистаналъул первенствобазда бергьарав Агъвалиса ХIабиб АхIмадов (сураталда бакьулъ).

ГIолилав теннисистас, дандиязе бергьине кинабгIаги хьулги течIого, бихьизабуна лъикIаб хIай ва тIадегIанаб даража.

ХIабиб АхIмадов ккола Маштихиса Кизилюрталда чIарав АхIмадов Раминил вас.

КIиабилеб бакI ккуна МухIамад МухIамадовас (КIолихъ), лъабабилеб бакIалде ккана КIочIалиса Гъазиявдибир Мусаев.

Бергьарав ва призерал кIодо гьаруна грамотабаздалъун ва гIарцулал сайгъатаздалъун.

# Канлъукъазда гьоркьоб теннисалъул къецал

Араб гьатIанкъоялъ, 28 июлалда, Агъвали спортивияб школалда берзул канлъи загIипазда гьоркьоб тIобитIана столалда хIалеб теннисалъул рахъалъ республикаялъулал къецал.




Гьел рукIана республикаялда канлъукъазда гьоркьор тIоритIулел тIоцересел къецал. Гьенир гIахьаллъана Унсоколо, Болъихъ, ГIахьвахъ ва нилъер районазул командаби.

ЛъикIаб хIай бихьизабуна гьениб нилъеразги, амма тIоцебесеб бакI ккуна Унсоколоса ГIалиев ХIажимухIамадица, кIиабилевлъун вахьана нилъер райадминистрациялъул отделалъул нухмалъулев Шамил Закарьяев. Лъабабилеб бакI щвана Унсоколоса ДавудхIажиев МухIамадие.

Бергьарал кIодо гьаруна кубоказдалъун, грамотабаздалъун ва къиматал сайгъатаздалъун.

Къецазул гIахьалчагIазе райадминистрациялъул спорталъулгун гIолилазул ишазул отделалъул рахъалъан къуна грамотаби ва ракIалде щвеялъе кубокал.

**Шамил Бадрудинов**

БетIерав редактор Малачдибиров ГIубайдула СагIадулаевич 2-52-44

Редакциялъул (издателасул) адрес: 368900 Дагъистан Республика, Цумада район, Кьенгьара росу, Заводалъул къватI, 4

«ЦIумадисезул гьаракь» газета гIуцIарал: Дагъистан Республикаялъул «Цумада район» муниципалияб районалъул администрация (ОГРН 1020500562697)

Газета къватIибе биччана «Издательский дом «Дагестан» ГАУялъул типографиялда.

Адрес: 367018, МахIачхъала шагьар, Насрудиновасул проспект, 1 «А»
Тираж - 1193
Газеталъул индекс: 51377 (бащдаб лъагIалие) 63302 (лъагIалие)

Макъалабазда рехсарал хIужабазул, тарихазул бальгоlьи гьорлъ бугел ва цогидалги баяназул жаваб авторас кьола.

Газета зарегистрирована Управлением Роскомнадзора по Республике Дагестан. ПИ №ТУ05-00434 от 15 июля 2019 г.

Адрес электронной почты GoIostsumady@maII.ru